



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE YON ANKÈT KONJWEN ANT LAPOLIS ETA AK
DIVIZYON DWA IMEN ETA (STATE DIVISION OF HUMAN RIGHTS) SOU
SWADIZAN KRIM RAYISMAN NAN WELLSVILLE**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon ankèt konjwen ant Lapolis Eta New York (New York State Police) ak Divizyon Dwa Imen Eta (State Division of Human Rights) sou swadizan krim rayisman ki fèt nan Wellsville, New York. Nan kòmansman semèn sa, yo te rapòte ke yon estrikti teren sofbòl te defigire avèk mo sa yo “Fè Etazini Vin Blan Ankò” (“Make America White Again”) sa ki te akonpaye pa yon espre-penti swastika. Gouvènè Cuomo te mande yon ankèt konplè sou swadizan krim rayisman an.

“New York pa gen tolerans pou prejije, laperèz ak rayisman, e moun sila yo ap chèche pou diminye sou valè fondamnatal ke eta ak peyi sa te fonde,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen mande yon ankèt konplè sou aksyon deplorab sa, e moun sila yo ki responsab pou kondwit sa pral pini nan tout limit lalwa. New York se youn nan kominote ki pi enkliziv ak ouvè nan mond lan – kalite konpòtman sa pa montre sa nou ye, e sa nou pap janm ye.”

Nan 2000, Eta New York te adopte lwa pou ranfòse penalite pou krim rayisman. Daprè lwa a, yon moun ki komèt yon krim rayisman lè youn nan yon seri ofans spesifik ki komèt vize yon viktim akòz de pèsèpsyon oswa kwayans sou ras yo, koulè, orijin nasyonal, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijye, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl, oswa lè yon kalite aksyon konsa komèt kòm yon rezilta de kalite pèsèpsyon oswa kwayans sa. Krim rayisman ka fèt kont yon moun oswa yon gwoup moun oswa kont pwopriyete piblik oswa prive. Epitou daprè lwa eta li ilegal pou fè diskriminasyon baze sou ras, orijin nasyonal, relijyon, etnisite ansanm avèk anpil lòt klasifikasyon pwoteje.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418